*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№77 (26529)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 5 май – зæрдæвæрæны мæйы 5 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

**2** ПАТРИОТОН ХЪОМЫЛАД
*Дипломтæ райстой*

**3** КУЫД ЦÆРЫС, ХЪÆУ?
*Суадаг*

**4** СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Футбол*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

**Инвестицион форум**

## Цæгат Кавказы размæдзыды нысантæ

**Цæгат Кавказы райрæзты фарстатæм нæ бæстæйы разамынд къæрцхъус кæй у, уый ноджыдæр ма иу хатт рабæрæг горæт Минеральные Водыйы конд инвестицион форумы. Уæрæсейы Хицауады Сæрдар Михаил МИШУСТИН Цæгат Кавказы федералон зылды минæвæрттæн сарæзта æмбырд.**



Нæ республикæйæ дзы архайдта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Ныхас рауад зылды социалон-экономикон рæзтыл. Михаил Мишустин куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй форумы ахадындзинад у бæрзонд, макрорегионы та фидардæр кæнынц амалхъомадмæ рæвдздæр бавналыны æууæлтæ.

– Уыдæттæ нæхæдæг, равдыстытæ бабарæг кæнгæйæ, федтам, тынг лæмбынæг æмæ нын бæстонæй æппæт проектты тыххæй радзырдтой, уыдоны фæрцы зылд йæ хъомыс уыны. Уыцы архайды руаджы нæ бæстæйы экономикæ хъомысджындæр кæны. Цæгаткавказаг регионты федералон разамынды руаджы фылдæр кæнынц æнæниздзинад хъахъхъæнынады, ахуырады, спорты, культурæйы, цæрæнуæтты объекттæ, цæуы фæндæгты арæзтад. Сæ уавæрмæ сын æппынæдзух цæст дарын хъæуы, – загъта Уæрæсейы Хицауады Сæрдар.

Михаил Мишустины хатдзæгмæ гæсгæ, инвесторты се 'ргом тынг аздæхтой зылды экономикон рæзтмæ, фарон сæ бавæрдыл бафтыд 10 проценты, ссис 1,5 триллион сомы. Уæдæ æфстæуттæ бæрц дæр рæзы, 2,3 хатты фæфылдæр. Уæййаг промышленнон товарты бæрц рæзы – 5 проценты йыл бафтыд. Уæдæ чысыл æмæ рæстæмбис амалхъом адæмы куыстуæттæ дæр рæзт æвзарынц. Паддзахады 'рдыгæй амалхъомтæ исынц ахадгæ æххуыс.

Хицæн ныхас бацахста аграрон къабаз, æрмæст фарон федералон центр аграритæн радих кодта 36 миллиард сомæй фылдæр. «Хъæрмуæтты комплекстæ тынг сæрæнæй скуыстой Цæгат Ирыстоны, Мæхъхъæлы, Стъараполы крайы», – бафиппайдта Хицауады Сæрдар. Экономикæйы ахсджиаг къабаз – туризмыл дæр бæстон ныхас рауад. Михаил Мишустин куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй нырмæ сæхи туристтæн базонын кодтой «Домбай», «Архыз», «Эльбрус», æрæджы чи фæзынд, уыдонæй та – «Мамысон». «Ис, сæхи равдисын сæ бон кæмæн у, ахæм инвесторты, хъæуы семæ кусын, ныхас кæнын», – загъта Хицауады Сæрдар.

Уæдæ зылды санаторон-курортон куыстуæтты уавæр дæр хъæуы равзарын, раиртасын. Михаил Мишустины ныхасмæ гæсгæ, хъуыддагмæ æрбахонын хъæуы амалхъомты. Ныртæккæ царды уадзынц аст проекты, бахъæудзæн сын инвестициты 22 миллиард сомы. Уæдæ национ, регионалон, бынæттон туристон объекттæ, къахвæндæгтæ дæр домынц цæстдард. Михаил Мишустин куыд радзырдта, афтæмæй Цæгат Ирыстон, Мæхъхъæл, Дагестан рæстаг фиддонты фæрцы бавнæлдтой фæлварæн проекттæ æххæст кæнынмæ. Уыдоны руаджы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады банывыл кодтой иумæйаг операторты куыст.

Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей Меняйло Цæгат Кавказы инвестицион форумы Уæрæсейы Хицауады Сæрдар Михаил Мишустинил æхсызгонæй сæмбæлд республикæйы стенды цур. Уый лæмбынæг радзырдта бæстæйы Хицауады Сæрдарæн, республикæ цавæр ахсджиаг егъау проектты архайы, уыдæтты тыххæй. Равдысты бæрæг дардтой, Цæгат Ирыстон 2030 азмæ цавæр рæзты фæндагыл ацæудзæн, уыдæттæ.

Михаил Мишустин уæлдай æргом аздæхта модулты бындурыл конд макеттæм, уыдон хорз сфидаудзысты глэмпинг-отельтæ æмæ хицæн къабæзты. Ома, бындурон арæзтадон куыстытæ дзы нæ бахъæудзæн, ис сæ Уæрæсейы кæцыфæнды къуыммæ дæр аласæн. Инвестор хъавы хи фæрæзтæй завод саразын, уыдзæн æртæ хайыл дихгонд. Куыстытæ аххæсдзысты 2026 азæй 2027 азмæ.

Цæгат Ирыстоны инвестицион хызыны ис 23 проекты 158 миллиард сомæн: «Мамысон», логистикон центр «Вайлдберрис», дыргъæфснайæн бынат æмæ дыргъдон «Казачий хутор», хъæрмуæтты комплекс «ТК Алания», тематикон парк «Алания парк», илциисæн логистикон хаб «Южные ворота» æмæ æндæртæ.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло бацархайдта, хъуыддаджы аходæны рæгъмæ рахастæуыд, Цæгат Кавказы креативон экономикæйы рæзты ног тæлмытæ. Амыдта йæ Уæрæсейы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Александр Новак**. Ныхасы архайдтой регионты разамонджытæ, амалхъомтæ, банкты хицæуттæ, креативон æмæхсæнад.

Александр Новакы ныхасмæ гæсгæ, креативон экономикæйы бавæрд иумæйаг мидбæстон продуктмæ фарон рауад 4,2 проценты, мидбæстон продукты бафтаугæ аргъ та 8,3 триллион сомы, уый абарæн ис хъæууон хæдзарад, туризм æмæ арæзтады бæрæггæнæнтимæ. Креативон индустритæ рæзынц экономикæйæ цыппар хатты рæвдздæр.

Уæрæсейы Президент Владимир Путин æвæры, 2030 азмæ креативон индустриты хай экономикæйы 6 проценты онг схæццæ кæнын. Фарон февралы фæзынд федералон закъон дæр, ис, æппæт хъуыддагæн бæрнон чи у, ахæм адæм, ведомствæтæ. Уæрæсейы Хицауады Сæрдары хæдивæг Александр Новак куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй Цæгат Кавказы дзæгъæл хуымæтæджы нæ сæмбырд сты.

«Цæгат Кавказ у æвæджиауы бынат, йæ цæрджыты нымæц рæзы, фылдæр кæнынц рæзгæ фæлтæртæ, амæй креативон дæр бынат нæй. Культурон традицитыл хæцынц, фæзынд дзы ныккон экономикæйы ног хуызтæ. Креативон экономикæ бирæ фарстатæн ратдзæн дзуапп», – загъта Александр Новак.

Куыд бафиппайдта, афтæмæй креативон экономикæйы фылдæр хай – йæ 80 проценты æрæмбырд сты Мæскуыйы. «Фæлæ Цæгат Кавказы сæмбырд стыр хъомыс, йæ бон у йæ рæзтыл сахадын. Ам фылдæр сты туризмы, хъæууон хæдзарады, транспортон индустрийы авналæнтæ», – загъта хъуыддаджы аходæн амонæг. Уый æрхаста æндæр бæрæггæнæнтæ дæр, куыд радзырдта, афтæмæй ацы ран паддзахадмæ хауы баххуыс кæныны хæстæ.

Аходæныархайджытæбайхъуыстой æндæр раныхасгæнджытæм дæр, скодтой хатдзæгтæ ацы ахсджиаг фембæлдæй.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Хицауады æмбырд**

## Хъармгæнæн рæстæг адарддæр кодтой

**Уыд РЦИ-Аланийы Хицауады радон æрвылкъуырион аппаратон æмбырд. Амыдта йæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО. Ныхас дзы цыд Цæгат Ирыстоны оперативон уавæр æмæ æндæр ахсджиаг фарстатыл. Æмбырды архайдтой министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытæ, районты хиуынаффæйады администрациты сæргълæуджытæ.**

Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** йæ доклады фехъусын кодта республикæйы оперативон уавæр.

– Ивгъуыд къуырийы дæргъы Цæгат Ирыстоны æппæт сæрмагонд службæтæ дæр архайдтой æрвылбоны цæттæдзинады уавæры. 27 апрелæй 3 маймæ республикæйы æрцыд 10 зынгсирвæзты. Хъыгдард дзы ничи баййæфта. РЦИ-Аланийы автоинспекцийы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы фæндæгтыл æрцыд 78 фæндаггон фыдбылызы. Хъыгдард дзы баййæфтой 16 адæймаджы, дыууæ адæймаджы та фæмард сты. Республикæйы хæххон районты дарддæр дæр тæссаг у зæйтæ рацæуынæй. Афæдзы райдайæнæй нырмæ сæхи æгъдауæй рацыдысты 43 митзæйы. Хъыгдард дзы ничи баййæфта. Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады бæрæг кæны республикæйы цæугæдæтты доны æмвæз. Арвыком æмæ Транскамы фæндæгтыл ацæуыны бар ис æппæт автотранспорты хуызтæн дæр. Республикæйы фæндæгтыл лæууы 2260 транзитон уæзласæн машинæйы, 2020 та – электронон рады. Уæрæсейы Федераци æмæ Гуырдзыстоны арæныл уæлдæр амынд рæстæгмæ дыууæрдæм ахызтысты 20820 автотранспортон иуæджы æмæ 52340 адæймаджы, – загъта Томайы-фырт.

Цæгат Ирыстоны «Роспотребнадзор»-ы хайады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы эпидемиологон уавæр у нывыл. ОРВИ-йæ рынчынты нымæц у æрвылазы эпидемион бæрæггæнæнтæй 9,9 проценты ныллæгдæр. Рынчынты 60 проценты сты сывæллæттæ. Грипп республикæйы ныр æвдæм къуыри бæрæггонд не 'рцыд. Ивгъуыд къуыри ног коронавирусон инфекци разынд иу адæймагмæ.

Республикæйы Сæргълæууæг Дзæуджыхъæу æмæ районты администрациты разамонджытæн бафæдзæхста, боныхъæды уавæртæм гæсгæ, хъармгæнæн рæстæг адарддæр кæнын.

– Социалон нысаниуæг кæмæн ис æмæ бирæфатерон хæдзæртты цæрджытæ цы хъуамæ фæуой? Аппаратон æмбырды фæстæ уын сахат дæттын, цæмæй адæмæн уæ уынаффæ фехъусын кæнат, – загъта Сергей Меняйло.

РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæйы** ныхасмæ гæсгæ, нæ республикæйы æппæт ахуырадон уагдæттæ дæр кусынц æрвылбоны фæткыл. Грипп æмæ ОРВИ-йы аххосæй æхгæд уагдæттæ республикæйы нæй.

– Ацы къуыри, нысанмæ ахуырады фарстаты фæдыл, ВКС форматы сараздзыстæм æмбырд 11 кълæсты рауагъдонты ныййарджытимæ. Уæлдай æргом аздахдзыстæм сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты сывæллæттæм. Уыдон дарддæр уæлдæр ахуыргæнæндæттæм цæудзысты хицæн квотæтæм гæсгæ, – загъта министр.

Сергей Меняйло арфæ ракодта Алыбегты Эллæйæн æмæ загъта, æппæт министрадтæн дæр йæ куыст дæнцæгæн кæй бæззы, уый.

– Æппæт республикæйы цæрджытæ дæр гуманитарон æххуыс æрвитынц Дагестанмæ. Уый хорз хъуыддаг у. Æрæджы Ахуырад æмæ наукæйы министрад дæр Дагестаны адæмæн арвыста чингуытæ æмæ скъолаты æнæмæнгхъæугæ ифтонггæрзтæ: стъолтæ, бандæттæ, ахуыргæнæн æрмæджытæ, – фæбæрæг кодта регионы разамонæг.

Дарддæр ма Сергей Меняйло фæнысан кодта, 9 Майы Уæлахизы парады æдасдзинады фарстатæ сæйрагдæр кæй сты, уый. Куыд загъта, афтæмæй дзы ацы аз кадетон скъолаты ахуырдзаутæ æмæ сывæллæттæ нæ архайдзысты.

Дзæуджыхъæуы хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Милдзыхты Вячеслав** фехъусын кодта, ныридæгæн уал хæстонты хуызистытæ рекламон фæйнæджыты 95 проценты кæй бацахстой, уый. Йæ ныхасмæ гæсгæ, 5 маймæ æппæт уыцы бынæттæ хуызистытæй æмбæрзт æрцæудзысты.

Республикæйы Сæргълæууæг ма иу хатт районты разамонджытæн сæ зæрдыл æрлæууын кодта, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Уæлахизы бонмæ мемориалтæ æмæ цыртдзæвæнтæм куыд базилой.

– Иу бон та мæхæдæг машинæйы сбаддзынæн æмæ сыл æрзилдзынæн, – загъта Сергей Меняйло.

Цæрæнуатон-коммуналон, артаг æмæ энергетикæйы министр **Хъараты Тимуры** хъусынгæнинагмæ гæсгæ, Æрыдоны кæцыдæр хайы ахуыссыд электрон рухс. Рухс нæй скъолаты дæр. Республикæйы Сæргълæууæг бафæдзæхста, электрон хызы цы авари æрцыд, уый цыбыр рæстæгмæ аиуварс кæнын.

Æмбырды ныхас цыд æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Хъуыддаджы фембæлд**

## Æмгуыстад – хæлардзинады бындурыл

**Æмгуыстады фарстаты фæдыл Цæгат Ирыстоны уыд италиаг амалхъомты къорд. Ахæм хъæппæрис равдыста Италийы компани ''Альбриги Технолоджи''. Се 'рбацыды программæйы уæлдай цымыдисагдæр рауад компаниты къорд «Бæгæныфыцæн хæдзар «Бавари»-йы куыстуæттæм балц. «Бавари» у нæ регионы æппæты егъаудæр куыстуат, цæттæ дзы кæнынц бæгæныйы 200 хуызæй фылдæр.**



Бизнес – делегацийы уæнгтæ – агропромышленнон комплексы экспертты, хъæууон хæдзарады, зетийы культурæйы бакуысты, фосдарынады, стæй цæттæ продукци тухæн ныркkон ифтонггæрзтæ уадзæг куыстуæтты минæвæрттæ. Се 'рбацыды сæйраг нысан уыд æмгуыстады фарстатæ фæуæрæхдæр кæнын, кæрæдзийы фæлтæрддзинадæй спайда кæнгæйæ, регионы æппæты æнтыстджындæр æмæ егъаудæр куыстуатимæ комкоммæ хъуыддаджы бастдзинæдтæ саразын. Уазджытæн фадат уыдис куыстуаты архайдимæ алывæрсыг базонгæ кæнынæн.

Делегаци бабæрæг кодта, продукци кæм цæттæ кæнынц, уыцы æмæ æндæр цехтæ, равдыстой сын технологион процесс æмæ хæрзхъæддзинадмæ цæстдарды системæ. Италиаг экспертты стыр аргъ скодтой «Бавари»-йы продукцийы хæрзадæн, дисы сæ бафтыдта, куыд бирæ хуызтæ уадзынц, уый дæр. Фысымтæ сын алцæмæй дæр саходын кодтой.

Компани «Бавари» кусы ныр 30 азæй фылдæр. Йе 'нтыстдзинæдтимæ зонгæ сты Уæрæсейы, стæй æндæр бæстæты дæр. Ныфсджын къахдзæфтæй цæугæйæ, уыцы-иу рæстæг дзы кусынц цалдæр къабазы: бæгæны æмæ дæттæ уадзыны, хъæууон хæдзарад æмæ рестораны бизнесы къабаз.

Йæ хъуыдытæ сæ балцы тыххæй загъта Италийы фæсарæйнаг хъуыддæгты министрады минæвар **Мауро Мурджиа**: «Цæгат Ирыстонимæ рагæй кæнæм æмгуыстад. Рохуаты нæ нæу Беслæн дæр. Абон бабæрæг кодтам «Бавари», федтам дзы бæрзонд технологитæ æмæ æппæты нырыккондæр ифтонггарз. Уæлдайдæр та мæн дисы бафтыдта, куыстуат цы стыр социалон куыст кæны, уый. Зæгъæн ис, абон Италийы уыцы фарста æппындæр никæйы хъæуы. Нæ къорды уæнгтæ куыд зæгъынц, афтæмæй сæ фæнды хæлардзинад æмæ æмгуыстады бындурыл экономикон бастдзинæдтæ сфидар кæнын».

– Мах кæддæриддæр æхсызгонæй сæмбæлæм уазджытыл. Ис нæм бирæ гæнæнтæ æмгуыстадæн дæр. Ныр дæр ницы басусæг кодтам, федтой нæ куыстуаты технологитæ, базонгæ сты продукциимæ. Ныфс нæ ис, ацы фембæлдæн йæ ахадындзинад пайда кæй уыдзæн, иумæйаг инвестицион проекттæ кæй фæзындзæн, – загъта «Бавари»-йы куыстады фарстаты фæдыл директор **Цхуырбаты Азæмæт**.

Цæгат Ирыстонмæ балцы рæстæг ма нæ италиаг уазджытæ бабæрæг кодтой, сæны 46 хуызы кæм уадзынц, уыцы куыстуат «Винтрест-7», аргъ скодтой йæ продукцийæн.

Итали æмæ Цæгат Ирыстоны 'хсæн ахæм ахастдзинæдтæ ис 2004 азæй нырмæ æмæ дарддæр дæр фидар кæндзысты.

**ГУГКАТЫ Жаннæ, къам систа Татьяна ШЕХОДАНОВА**

### Дзырды фарн

***Æнцæгæлон æвзагыл адæймаг зонды мæсыг нæ самайдзæн.***

*ТЫБЫЛТЫ Алыксандр*

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **5 майы** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **6-13 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 14,15 | Хурыскаст — 04,50<br>Хурныгуылд — 19,05 | Валютæйы аргъ | Доллар — 74,08<br>Евро — 88,64 | 12 + | |

Патриотон хъомылад

# Дипломтæ райстой



**Цæгат Ирыстонæй рацæуæг сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг 25 нæлгоймагæн раттой ног дæсныйад райсыны тыххæй дипломтæ.**

Царды гуырггъахъхъ фæндæгтыл ацæуæг адæймæгтæ кусдзысты æфсæддон-патриотон хъомылады фарстатæй фæсивæды зондамонджытæ æмæ уынаффæгæнджытæй. Нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** регионы Ахуырад æмæ наукæйы министрадæн бахæс кодта амынд хъуыддагæн нывыл фадæттæ саразын.

Сæрмагонд операцийы архайджытæ ахуырад æмæ кæронбæттæн аттестаци ацыдысты Мæскуыйы Рухсады паддзахадон университеты бындурыл. Ахуырадон программæмæ хаудтой фыццаградон æххуысы фæдыл практикумтæ, музейон педагогикæйæ лекцитæ, эксперттимæ фембæлдтытæ, стæй скъолатæ æмæ уæлæмхасæн ахуырады кусæндæттæм балцытæ.

Ахуырады архайджытæ фæстагмæ бавдыстой æфсæддон-патриотон клубты куысты тыххæй хи проекттæ. Ацы проекттæ фæсивæды хъомылады лыстæг фæзилæнтæ бинонyг æвзарынц.

Ахуырад ацæуæг адæмæн дипломтæ лæвæрдта Уæрæсейы Хъæбатыр, программæ «Хъæбатырты рæстæджы» архайæг **Игорь Юргин.** Курсытæ кастфæуæвæг адæймæгтæ æрбаздæхдзысты Ирыстонмæ æмæ ам кусын райдайдзысты скъолатæ æмæ колледжты.

Фæсивæды æфсæддон-патриотон хъомылад æнæкъуыхцыйæ кæй цæудзæн, ууыл зæрдæ дарæн ис.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

Бæрæгбоны агъоммæ

# Акцийы бацархайдтой

**Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады автоинспекцийы кусджытæ Алагиры 7-æм рæвдауæндоны хъомылгæнинæгтимæ иумæ архайдтой æппæтуæрæсеон акци «Георгийы лент»-ы.**



Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Уæлахизы 81-æм азы кадæн арæзт дзыллон мадзал ацыд горæты центрон уынгтæй иуы. Барадхъахъхъæнджытæ æмæ сывæллæттæ хæдтулгæскъæрджытæн лæвæрдтой Георгийы ленттæ, стæй сын Уæлахизы амынд æвдисæндары ахадындзинады тыххæй хабæрттæ радзырдтой. Акци саразджытæ фæндагыл цыды архайджытæн æрбахæццæуæвæг бæрæгбоны фæдыл дæр арфæ ракодтой.

Фæндагыл цыды (уæлдайдæр та – транспортон фæрæзтæй сывæллætты ласыны) фæтк æнæмæнг æххæстгæнинаг кæй у, автоинспектортæ хæдтулгæскъæрджыты зæрдыл уый ноджыдæр ма иу хатт æрлæууын кодтой.

Дзыллæтæ ветеранты хъæбатырдзинад æмæ лæгдзинадæн кад кæй кæнынц, советон æфсæддонты сгуыхтдзинады æвдисæндарыл нымад Георгийы лент ууыл дзурæг у. Ныртæккæ иуæй-иутæ истори зыгъуыммæ равдисын кæй фæлварынц, уый нымайгæйæ, нæ хæс у иудзинад æмæ фидар зондахаст бавдисын. Æмбал кæмæн нæй, ахæм хъæбатырдзинады тыххæй, хабæрттæ дзыллæты зæрдыл лæууын кæнгæйæ, Георгийы лент дзурæг у адæмон сæрыстырдзинад, æнæхиндзинад æмæ ныфсхастдзинадыл.

Адæм Фыдыбæстæ æппæт хъахъхъæнджытæн стыр кад кæй кæнынц, ацы азы 22 апрелы райдайæг æмæ фæлтæртæ иугæнæг æппæтуæрæсеон акци «Георгийы лент» уый æвдисы.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,**
**Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

Социалон фондæй

# Иумæйаг билеттæй ифтонг кæнынц

**Ацы азы райдианæй нырмæ Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад сæрмагонд æфсæддон операцийы ветеранты ифтонг кæны амынд фонды реабилитацийы центртæм дзæбæхгæнынадмæ цæуынæн иумæйаг билеттæй.**

Амæй размæ чи архайдта, фæндаггаджы хæрдзты бафысты амынд хуыз сфидар кодтой уыцы хуызмæ (ома, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг дзæбæхгæнынадæй-иу куы 'рбаздæхт, уæд ын-иу Социалон фонды хайад фæндаггаджы хæрдзтæ компенсацийы хуызы бафыста) уæлæмхасæн уагæй.

Социалон фонды реабилитацийы центры онг æмæ фæстæмæ 'рбацæуынæн иумæйаг билеттæ дæттынц транспорты æппæт хуызтæн (поезд, хæдтулгæ, хæдтæхæг, автобус кæнæ доны транспорт нымайгæйæ). Иумæйаг билетæн гæххæттытæ саразынц дзæбæхгæнынады фæдыл курдиатæн разыйы дзуапп райсынимæ уыцы иу рæстæг. Дзæбæхгæнынады фæдыл курдиат барвитыны заман сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæгмæ ис фæндаггаджы хæрдзтæ райсыны хуыз (ома компенсацийæ кæнæ иумæйаг билеты хуызы) равзарыны бар. Адæймагмæ ис балцæг райсыны фæдыл курдиат бæстæйы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады цыфæнды клиентон службæйы, кæнæ портал «Госуслуги»-йы барвитыны бар.

– Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад сæрмагонд æфсæддон операцийы ветерантæм дзæбæхгæнынады æппæт рæстæг (гæххæттытæ æмбырд кæнынæй райдайгæйæ, хæдзармæ æрбаздæхыны боны онг) персоналон уагæй цæст дары. Реабилитацион центртæм кæй æрвитынц, уыцы ветеранты æнæниздзинады уавæры тыххæй медицинон-социалон экспертизæйы бæрæггæнæнтæ банымайынц. Амæй размæ кæй æнæниздзинады уавæр не сбæлвырд кодтой æмæ, инвалиддзинад кæмæ нæй, уыцы ветеранæн реабилитацион центры баххæст кæнынц диагностикæ æмæ йын дзæбæхгæнынады фæтк сбæлвырд кæнынц, – зæгъы амынд республикон хайады разамонæг **Милдзыхты Аслан.**



Фæндаггаг, цæрынад æмæ хæлцы аргъ кæмæн бафидынц, фыццаг къорды инвалиддзинадимæ сæрмагонд æфсæддон операцийы ветерантæм ис реабилитацион центртæм хи дзæбæх кæнынмæ ахæм æмдзугæнæг адæймæгтимæ иумæ цæуыны бар. Æмдзу кæнынæн медицинон æвдисæнтæ кæмæ ис, ахæм ветерантæм дæр ис æмдзугæнджытимæ цæуыны бар.

Уæрæсейы алыхуызон регионты чи 'рбынæттон, Цæгат Ирыстонæй рацæуæг демобилизацигонд æфсæддон службæгæнджытæм ис Социалон фонды реабилитацийы уыцы 12 центры хи сдзæбæх кæныны бар. Ацы центртæй алкæцы дæр ифтонггонд у вазыгджын-технологион медицинон кусæнгæрзтæй.

Санаторон-курортон дзæбæхгæнынады æмгъуыд у 21 боны онг, медицинон реабилитацийы æмгъуыд та сбæлвырд кæнынц алы адæймагæн дæр хицæнæй. Адæймагмæ ис афæдзы дæргъы иунæг хатт санаторон-курортон дзæбæхгæнынад ацæуыны бар, адæймаг медицинон реабилитаци цал хатты ацæудзæн, уый та сбæлвырд кæнынц медицинон бæрæггæнæнтæм гæсгæ.

Фæрстытæ уæм кæд баззадысты, уæд уæм ис 8-800-100-00-01 телефонæй Уæрæсейы Социалон фонды Иумæйаг контакт-центрмæ лæвар фæдзурыны бар (Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады линийы куысты фæтк: къуырисæрæй цыппæрæммæ: 9.00 сахатæй – 18.00 сахаты онг, майрæмбоны та: 9.00 сахатæй – 16 сахат æмæ 45 минуты онг).

**УФ-йы Социалон фонды**
**цæгатирыстойнаг хайады**
**пресс-службæ**

## Æнæмæлгæ полкъ





ГЕТОЙТЫ Смалий



ГЕТОЙТЫ Тарас



ПЕРИСАТЫ Барис



АВСАНТИ Уазгери



БУДАЙТИ Альберт



БУДАЙТИ Алий



БУДАЙТИ Зауырбег



ГАБЕТИ Сабазгери (Батге)



ГЕТЪОТИ Петр



ГЕТЪОТИ Харитон



ГЕТЪОТИ Уазгери



ХУЫГАТЫ Михаил



# Суадаг



*Ирыстоны быдираг хъæутæн Суадаг у сæ рагондæртæ æмæ кадджындæртæй иу. Ацы хъæуы цæрджытæн хæхбæстæй сæ рацыды азыл нымад у 1825 аз.*

*Историон чингуыты куыд фыст ис, афтæмæй XIX æнусы райдайæны дæс хæдзары æрбынат кодтой коммæ бацæуæнты бæркадджын зæххытыл. Кæсгон æлдæрттимæ сæ ныхас кæрæдзиуыл нæ бадт, æмæ фæстæмæ Карцамæ аздæхтысты. Чысыл фæстæдæр хæхбæсты дурджын зæххытæй 100 бинонтæй фылдæр ногæй рацыдысты æмæ æрбынат кодтой дыууæ ададжы 'хсæн. Æнгом, хæларæй цардысты, æмæ сæм ничиуал уæндыд. 1850 азтæм Суададжы цард 138 бинонтæ.*

*Бирæ фæзминаг фæсивæд рацыд ацы ирон хъæубæстæй. Уæлдай хъæбатырдзинад равдыстой хæсты быдыры. 160 нæлгоймаджы афæндараст кодтой Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ, уыдонæй 94 нал сыздæхтысты сæ фыдыуæзæгмæ. Сæ кадæн хъæуы астæу ис цыртдзæвæн.*

*Сæ хистæрты фарн, хъæубæсты кад абон бæрзонд хæссынц Суададжы ног фæлтæртæ.*

## Уæлахиз у, мæ хъæубæстæ!



**Суададжы бынæттон администрацийы сæргълæууæгæй хъæубæсты адæм равзæрстой БРЫТЪИАТЫ Тамерланы. Бауæндыдысты йыл, æмæ ныфсджынæй архайы йæ уарзон хъæуæн хорздзинæдтæ кæнынел.**

**Рæстæг ивы, уыимæ ивы цардыуаг, йæ домæнтæ дæр æндæр сты. Куыд цæры абон Ирыстоны рагондæр хъæутæй иу, цы йæм ис бафæзминагæй, стæй йæ тыхст цæуыл у? Ацы фарстатæн нын дзуапп дæтты Брытъиаты Тамерлан.**

– Бузныг, кæй нæм æрцыдыстут, махæн тынг æхсызгон у. Алы адæймагæн дæр йæ райгуырæн хъæуæй зынаргъдæр ницы ис. Цыма Суадагæй рæсугъддæр бынат никуы ис, афтæ мæм кæсы. Нæ адæм куыстуарзаг, кæрæдзийыл æнувыд сты. Уарзынц нæ хъæубæстæ, фæнды сæ æрмæст йæ хорздзинæдтæ уынын. Ирондзинады бындурыл, цины, кæнæ хъыджы рæстæг кæрæдзийы фарсмæ балæууæм. Ныртæккæйы цард кæд æнцон нæу, уæддæр дзы гæнæнтæ бирæ ис.

Суадаггæгтæ дæр сæхи хъарутæй архайынц, сæ кæстæрты ахуыр æмæ фæллойы фæндагыл æвæрынц.

Ныртæккæ нæ хъæуы ис 360 хæдзарады, цæрджыты нымæц у 1700-йы бæрц.

Цæрынæн нæм ис алы фадат дæр – æрдзон газ, электрон тых, кусынц амбулатори, Культурæйы хæдзар, ног рæвдауæндон, посты хайад, дуканитæ.

Не скъолайы ныртæккæ цæуы бындурон цалцæггæнæн куыстытæ, фæлæ сывæллæттæн сæ ахуыр нæ бакъуылымпы. Арæзтадон куыстуат ныфс æвæры, ног ахуыры азы райдайæнмæ скъола кæй бацæттæ кæндзысты.

Алы хæдзармæ дæр нуазыны дон парахатæй цæуы, доны хæтæлтæ ивд æрцыдысты.

Ис нæм цалдæр фермерон хæдзарады, кæнынц зæххы куыст, сæ хуымты байтауынц нартхор, мæнæу. Æнтыстджындæрæй кусынц **Брытъиаты Тимур, Тыджыты Олег, Добаты Хазби, Хæдарцаты Алан** æмæ **Руслан,** стæй иннæтæ.

Куысты бынæттæ, хъыгагæн, нæ фаг кæны хъæуты, бирæтæ кусынц Алагиры, Дзæуджыхъæуы. Зивæг чи нæ кæны, уыдон дарынц стурвос, мæргътæ, кæнынц сæ цæхæрадæтты куыст.

Иумæйаг хъарутæй архайæм нæ хъæуы сыгъдæгдзинадыл, рацæуæм зиутæм, сæрмагонд машинæ алы цыппæрæмы дæр æрзилы æмæ хæдзарон бырон сæрмагонд бынатмæ аласы. Бафснайæм нæ уæлмæрдтæ, техникæ кæмæ ис, уыдон нын феххуыс кæнынц.

Фæндæгты уавæрмæ каст цæуы, зæрдæхсайгæ ма сты Октябрьскаг æмæ Леснаяйы уынгтæ, æмæ та сæм хъæубæсты лæппутимæ базилдзыстæм.

Суададжы астæуты цæуы федералон фæндаг, иудадзыг æм зилынц, æдасдзинады фарстатæн дзы судзынц цырæгътæ.

Дзæуджыхъæуæй махмæ ис 40 километры бæрц, фæндаггонты удæнцойдзинадæн цæуы автобус.

Хъæуы рæзты цы цæугæдон кæлы, уый нын-иу раздæр фыдбылызтæ кодта, фæлæ ныр йæ былгæрæттæ фидаргонд æрцыдысты, – радзырдта нын Тамерлан.

Лыггæнинаг фарстатыл дзургæйæ, Брытъиайы-фырт фæнысан кодта, æхсызгон сæ кæй хъæуы спортивон фæз, фæсивæд футболæй кæм хъазой, ахæм.

Ногарæзт рæвдауæндон æмæ скъолайæн ис иумæйаг къæбиц, æмæ хорз уаид, рæвдауæндоны сабитæн сæхицæн хæрæндон куы саразиккой, уæд.

Куыдфæндыйæ дæр иу адæймаджы бон ницы бауыдзæн. Брытъиаты Тамерланы фарсмæ ис бирæ хорз адæм. Хистæрæй-кæстæрмæ уыдон иузæрдионæй архайынц сæ хъæубæсты рæсугъд фидæныл. Арфæйы ныхæсты аккаг сты **Хæдарцаты Махар** æмæ **Руслан, Къæлхидты Хъазыбег** æмæ **Роберт**, **Брытъиаты** æфсымæртæ **Тамик** æмæ **Тимур**, стæй иннæтæ.

## Циндзинад хæссынц адæмæн

**Æрвылбон клубæй райхъуысы ирон фæндыры цагъд. Уый хъæуы фæсивæд рацæуынц хъазты фæзмæ, фæахуыр кæнынц дæсны кафыныл, фæндырæй цæгъдыныл.**

– Нæ хъæуы астæу Культурæйы хæдзар кæдæй ис, уæдæй абонмæ бирæ циндзинад хæссы адæмы зæрдæтæм. Фæлтæртæ ивынц, абоны курдиатджын чызджытæ æмæ лæппутæ дæр æхсызгонæй уайынц клубмæ. 2022 азы нæ бæстыхæйттæ æрцыдысты бындурон цалцæг, æмæ дзы æхсызгонæй кусæм, – зæгъы Культурæйы хæдзары директор **Гаситы Зарæ**.

Аивæдты училищæйы хореографы дæсныйад куы райста, уæд йæ уарзон хъæуы клубы кусын райдыдта æмæ йыл ныр 45 азы йæ зæрдæ нæ сивта. Суададжы кæстæртæ арæхстджынæй архайынц районы фестивальтæ æмæ конкурсты. Ирон кафты къордмæ цæуы 60 сывæллонæй фылдæр, сæ разамонæг – **Найфонты Батрадз**, фæндырæй цæгъдын чызджытæн амоны **Гайты Ингæ**, аив дзырды къордæн разамынд дæтты методист **Гаситы Жаннæ**. Сабитæ æнæзивæгæй архайынц æрмдæсныты къорды, къухæй конд цымыдисаг дзаумæттæ аразынил сæ ахуыр кæны **Гаситы Зæринæ**.



ГАСИТЫ Зарæ

– Нæ куысты уавæртæ зæрдæмæдзæугæ сты. Алывæрсыг æххуыс зонæм районы Культурæйы управленийы хицау **Дзугкойты Дзамболатæй**. Кæддæриддæр нæ фарсмæ æрбалæууынц нæ хъæуы амалхъом адæм. Дард Магаданы цæргæйæ, нæ рох кæны йæ райгуырæн хъæу **Къæлхидты Хъазыбег**, куыдфæндыйы цæстæй нæ кæсы йе 'мзæххонты цардмæ, æмæ йын уæлдай бузныг. Арфæйы ныхæсты аккаг сты **Брытъиаты Толик**, не скъолайы директор **Козаты Зауыр**, æнгом æмгуыстад кæнæм ахуыргæнджытæ **Дзодзыккаты Идæ, Фæрниаты Заремæ, Кæсæбиты Сабинæ, Дзæгъойты Аланæ,** завуч **Хъуппеты Лаурæ** æмæ иннæтимæ. Хъæууон чиныгдонимæ бацæттæ кæнæм литературон фембæлдтытæ, – загъта Зарæ æмæ нын æхсызгонæй равдыста, бирæ хъæууон клубтæн се стыр бæллиц цы кафты уæлæдарæс, цалдæр хуызы фæлыстытæ сты, уыдон, – дзуры Зарæ.

Æмбырдтæ аразæн залы ис 140 бынаты. Сфидыдта ног æмæ рæсугъд сценæйы æмбæрзæнтæй. Бахуыдтой сæ **Годжысаты Изольдæйы** цехы. Суададжы Культурæйы хæдзары æхсызгонæй хъæуы хореограф, вокалы ахуыргæнæг, адæмон театры разамонæг. Зæгъын хъæуы уый, æмæ коллектив йæхи хъарутæй сæмбырд кодта æмæ сæрмагонд æфсæддон операцимæ арвыста хъарм уæлæдарæс, хойраджы продукттæ.

## Посты лæггадтæ

**Суададжы посты хайады хицауæй кусы ÆГКАЦАТЫ Римæ, 40 азы бæрц иузæрдионæй лæггад кæны адæмæн. Куыд зæгъы, афтæмæй газеттæ æмæ журналтæ къаддæр фыссын райдыдтой. Чи зоны, Интернет кæй рапарахат, уый аххосæй.**



БРЫТЪИАТЫ Зарæ

– Уæддæр хъæуы цæрджытæй бирæтæ сæ зæрдæ нæ ивынц нæхи республикон газеттыл. Æрвылаз сæ рафыссынц **Зембатты Иринæ, Золойты Гиви, Къутæрты Ольгæ, Къамæдзаты Уырызмæг, Челдыты Хадизæт**, æмæ сын бузныг зæгъын. Хур кæса, къæвда уара, хъæуы уынгты æнæзивæгæй цæуынц постхæсджытæ **Брытъиаты Зарæ** æмæ **Джиоты Виленæ**. Се 'рбацыдмæ сын адæм фенхъæлмæ кæсынц, уæлдайдæр хистæртæ. Зарæ æмæ Виленæ газеттæ æмæ журналтæ байуарынц, фæхæссынц пенси æмæ пособитæ. Посты хайады бафидæн ис рухсы, газы, доны æмæ æндæр фиддонтæ. Асламдæр аргъæй нæм балхæнæн ис хæдзары хъæугæ лыстæг дзаумæттæ. Ныртæккæ, уалдзыгон куыстыты рæстæг, уæй кæнæм тауинæгтæ дæр, – зæгъы Римæ.

Куыд загътой, афтæмæй цæрджыты удæнцойдзинадæн ам кусы, ныртæккæ адæм тынг кæмæй пайда кæнынц, уыцы «Wildberries»-ы пункт.

**Фарс бацæттæ кодта ЦÆГÆРАТЫ Жаннæ,**
**къамтæ систа Татьяна ШЕХОДАНОВА**

## Сæйрагдæр – æнæниздзинад



Медицинон хо ПÆРРÆСТАТЫ Аллæ

**ПÆРРÆСТАТЫ Аллæйы Суададжы цæрджытæ иууылдæр зонынц. Ныр 20 азы кусы медицинон хойæ хъæуы амбулаторийы æмæ иузæрдионæй лæггад кæны адæмæн.**

– Нæ куысты сæйраг нысан махæн у адæмæн аккаг медицинон æххуыс бакæнын. Фæлæ хъуамæ алы адæймаг йæхæдæг кæса йе 'нæниздзинадмæ. Афойнадыл æй куы сбæрæг кæнай, уæд низимæ æнцондæр у тох кæнын. Уый тыххæй нæм вæййы диспансеризаци. Бынæттон цæрджытæ арæхдæр тыхсынц туджы бæрзонд æлхъывдадæй, зæрдæйы низтæй, зымæгон та грипп сарæх вæййы, – зæгъы Аллæ.

Фæлтæрдджын кусæг уыцы низты аххосæгтыл нымайы нæ алыварс экологи, хойраджы ныллæг хæрзхъæддзинад. Ацы амбулаторийы бирæ азты бакуыстой **Къациты Неля, Гуыриаты Верæ, Къадзаты Марат**. Бирæ зонындзинæдтæ сæ райста Аллæ æмæ сæ бузныг у.

Дыууæ сыхаг хъæуæн, Суадаг æмæ Хæтæлдонæн, ис иу дохтыр-терапевт **Челдыты Фатимæ**. **Козаты Зæлинæ** та медицинон хойæ кусы. Адæймаг йæхи æвзæр куы æнкъара, исты дзы куы рисса, уæд йæ фæндаг амбулаторимæ акæны. Дохтыры рафыст хостæ, уколтæ ам дæр скæнынц, æнæфæразгæ рынчынтæм та хæдзармæ ацæуынц. Уый тыххæй сæм ис Тагъд æххуысы машинæ.

Сывæллæтты дохтыр-педиатр **Хетæгкаты Дианæ** тынг лæмбынæг кусы сабитимæ, фæлмæнæй сæм дзуры, уымæ гæсгæ ныййарджытæ сæ хъæбултимæ тырнынц Дианæмæ. Амбулаторийы бæрæггæнæнтæм гæсгæ ивгъуыд аз Суададжы уыд 12 ноггуырды. Æппæты фылдæр сабитæ та сæм райгуырд 2012 азы – 20-æй фылдæр.

Скъоладзауты æнæниздзинадмæ стыр æргом здахынц. Уыцы фарстайыл дзуапп дæтты медицинон хо **Хъесаты Ингæ**. Амбулаторийы бæстыхай у сыгъдæг æмæ райдзаст. Фæлæ йæ цалцæг кæныны афон æрхæццæ.

## Нæ фидæнмæ – стыр æргом

**Рæвдауæндоны кусджытæ сæ фыдæбонæй райгонд сты. Ногарæзт бæстыхайæн йæ алы къуым дæр у райдзаст, алцæмæй ифтонг.**

Алы райсом йæ къæсæрæй æрбахизынц 43 чызджы æмæ лæппуйы. Хи хъæбултау сæ рæвдауы коллектив. Бирæ азты рæзгæ фæлтæрæн лæггад кæнынц хъомылгæнджытæ **Годжысаты Джульеттæ, Хæдарцаты Фатимæ** æмæ **Бузарты Зæринæ**. Арæхстджынæй кусынц **Хæдарцаты Иринæ, Моурауты Фатимæ** æмæ **Дзодзыккаты Ритæ**. Сабиты ахуыр кæнынц æгъдау, æфсарм æмæ ирондзинадыл.

Æппæты ахсджиагдæр у æнæниздзинад. Сывæллæттæ æрвылрайсом кæнынц зарядкæ, се 'рбацыдмæ агъуыстытæ вæййынц хæрзæфснайд. Сæ фынгтыл сын æрæвæрынц хæрзад æмæ хæрзхъæд хъарм хæринаг.



БРЫТЪИАТЫ Маринæ

Æнæзæрдæхудт фæллой кæнынц медицинон хо **Хъесаты Ингæ**, психолог **Касаты Любæ**, хæринаггæнæг **Хосаты Неля** æмæ завхоз **Мæхъиты Маринæ**.

Рæвдауæндоны ис æртæ къорды – 1,8 мæйæ скъоламæ цæуыны кармæ. Сабиты ахуыр кæнынц дыууæ æвзагыл дæр аив дзурыныл, арæх саразынц хъæлдзæг бæрæгбæттæ.

Раппæлинаг у сæ куыст хъомылгæнджыты æххуысгæнджытæ **Лæцойты Джульеттæ, Туаты Маринæ** æмæ **Брытъиаты Людæйæн**.

Алы хъуыддагмæ дæр йæ цæст дары рæвдауæндоны сæргълæууæг **Брытъиаты Маринæ**.

Алывæрсыг æххуысы фæдыл коллектив бузныг зæгъы **Хæдарцаты Махарбегæн**, сывæллæтты ныййарджытæн, стæй Алагиры районы ахуырады управленийæн.



БУЗАРТЫ Зæринæ астæуккаг къорды сабитимæ

## Спортивон фидиуæг



### Футбол

# Бетъырбухмæ балц нæ фæрæстмæ

**Уæрæсейы дыккаг къорды футболон чемпионаты дивизион «Æвзист»-ы командæтæ 2-æм майы акодтой 11-æм туры хъæзтытæ.**



Дзæуджыхъæуы ФК «Алани» уыцы бон уазæгуаты фембæлд Бетъырбухы командæ «Зенит-2»-имæ. Ацы фембæлды размæ «Зенит-2» дивизион «Æвзист»-ы цы дæс командæйы хъазынц, уыдоны 'хсæн цыди 8-æм бынаты. Амæй размæ бетъырбухæгтæ цы дæс хъазты акодтой, уыдоны сын бантыст дыууæ хатты фæуæлахизуæвын, фондз хатты та хæрд фæуын.

Уыдонимæ абаргæйæ, «Алани»-йы бæрæггæнæнтæ уыдысты дзæвгар хуыздæр, æмæ нæ командæйы иузæрдион фарсхæцджыты уырныдта, нæ футболисттæ кæй рамбулдзысты, уый.

«Алани»-йы рæнхъыты фæзмæ рацыдысты: №1 – Биазырты Давид, №5 – Багаты Алан, №3 – Кузков Артур, №8 – Хуыгаты Алан, №99 – Махач Абдулхамидов, №35 – Касаты Сæрмæт (46' – Булацаты Тимур), №55 – Рæмонты Зауырбег (46' – Кодзырты Артур), №57 – Тепсыхъоты Давид (66' – Кокойты Давид), №9 – Артем Закиров, №37 – Гаглойты Тарас (56' – Чертыхъоты Дато), №7 – Исмаил Дибиров (46' – Кобесты Давид).

Хъазты райдайæны алайнæгтæ размæ цæуыныл куыд архадтой, уый ныфс лæвæрдта, ацы фембæлд сын амæй размæйы æртæ фембæлдæй хуыздæр кæй рауайдзæн, уымæн, фæлæ хъазты бæрæггæнæнтæ раудысты бынтон æндæрхуызон.

Дзæуджыхъæуккæгтæ размæ кæд цыдысты, уæддæр сын пурти фысимты дуары батæхын нæ бакуымдта суанг кæронмæ дæр. Уымæй спайда кодтой фысимтæ, æмæ та ацы балц дæр «Алани»-йæн нæ фæрæстмæ. Алайнæгты бæллæхтæ райдыдтой 7'-æм минутыл. Размæ куы атындзыдтой, уæд зенитæгтæ фæцарæхстысты пурти байсынмæ æмæ ацарæзтой æвиппайды ныббырст. «Алани»-йы иварон фæзы дуаргæс Биазырты Давид йæхи, пурти акъуыргæйæ, куы аппæрс-та, уæд фысимты размæбырсæг дæр фæцудыдта æмæ зæххыл ахауд. Тæрхонгæнæг æнæдызæрдыгæй алайнæгты фæивар кодта 11-метрон цæфæй. «Зенит-2»-ы хъазæг Кирилл Косарев 11-метрон цæф ныккодта æнæрæдигæйæ æмæ фысимтæ размæ рацыдысты 1:0 хыгъдæй.

«Алани»-йы хъазджытæ бæргæ зæрдиагæй архайдтой хыгъд сæхи пайдайæн раивыныл, фæлæ фысимтæ æнæхъæн командæйæ дæр тынг къæрцхъусæй хъахъхъæдтой сæ дуармæ бацæуæнтæ. Нæ лæппутæ цы бирæгæйттæй тырныдтой размæ, уыдонæй та иуы 41'-æм минутыл фысимтæ спайда кодтой æмæ, цы ныббырст ацарæзтой, уым сæ размæбырсæг Никас Таджиков лæгæй-лæгмæ баирвæзт уазджыты дуаргæс Биазырты Давидмæ æмæ пурти «Алани»-йы дуары фæмидæг кодта. 1-аг тайм ахицæн 2:0 хыгъдæй «Зенит-2»-йы пайдайæн.

Хъазты дыккаг тайм дæр рауад фысимты пайдайæн. Алайнæгтæ кæд се 'ппæт тыхтæй дæр тырныдтой ма фæхæрд уæвынмæ, уæддæр сын пурти фысимты дуары бакæнын нæ бантыст. Уый нæ, фæлæ ма сæхи дуары бауагътой дыууæ голы бакæнын. 56'-æм минутыл фысимтæ «Алани»-йы иварон фæзмæ куы бабырстой, уæд уым сæ хъазджытæй иу ахауд, æмæ уый тыххæй тæрхонгæнæг нæ командæ дыккаг хатт фæивар кодта 11-метрон цæфæй. Ацы хатт дæр иварон цæф æнæрæдигæйæ фæкодта Кирилл Косарев, æмæ хыгъд ссис 3:0 фысимты пайдайæн.

Ацы уæззау уавæры ма «Алани»-йыл сæмбæлдысты æндæр цæфтæ дæр. 78' минутыл тæрхонгæнæг дыккаг хатт фæивар кодта æмæ хъазæн фæзæй рарвыста Артур Кузковы. Уымæй авд минуты фæстæ та тæрхонгæнæг фæзæй рарвыста Кобесты Давиды. Уый тæрхонгæнæг азымджын фæкодта хъæлæба кæнынæй.

Дыууæ хъазæджы фылдæр уæвгæйæ ма фысимтæн хъазты уæлæмхасæн 3'-аг минутыл бантыст иу гол бакæнын. Фембæлд ахицæн 4:0 хыгъдæй «Зенит-2»-йы пайдайæн, æмæ йæм ныр ис 12 очкойы.

ФК «Алани» кæд фæдфæдыл æртыккаг хатт фæхæрд, уæддæр цæуы 1-аг бынаты.

Нæ командæ йæ радон фембæлд акæндзæн 10 майы уазæгуаты Владивостокы командæ «Динамо»-имæ.

| Командæтæ | Хъ | Р | Æ | Х | П | О |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. Алани** | **11** | **6** | **2** | **3** | **15-12** | **20** |
| 2. Амкар-Пермь | 11 | 5 | 3 | 3 | 23-16 | 18 |
| 3. Динамо Кр. | 11 | 4 | 6 | 1 | 15-10 | 18 |
| 4. Динамо-Брянск | 11 | 5 | 2 | 4 | 9-13 | 17 |
| 5. Тюмень | 11 | 4 | 3 | 4 | 19-13 | 15 |
| 6. Динамо-2 М | 11 | 4 | 3 | 4 | 19-25 | 15 |
| 7. Динамо-Владивосток | 10 | 3 | 5 | 2 | 13-10 | 14 |
| 8. Зенит-2 | 11 | 3 | 3 | 5 | 20-20 | 12 |
| 9. Кубань | 10 | 2 | 3 | 5 | 9-14 | 9 |
| 10. Динамо Ставрополь | 11 | 2 | 2 | 7 | 10-19 | 8 |

11-æм туры командæты фембæлдтытæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: «Амкар»-«Динамо» (Стъарапол) 1:2, «Динамо» (Киров) – «Динамо» (Брянск)-1:0, «Тюмень»-«Динамо-2»-7:2, «Зенит-2»-«Алани»-4:0, «Динамо» (Владивосток) – «Кубань».

### Хъæбысхæст

# Нæ богæлттæм – авд хæрзиуæджы

**Ивгъуыд къуыри Грознайы уæгъдибар хъæбысхæстæй цыдысты Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ фæсивæды (24 азы онг) 'хсæн. Архайдтой дзы 450 богалы æмæ алы уæзы дæр фыццаг бынат бацахсыныл цыди хъазуатон тохтæ.**



Ирыстоны богæлттæн бантыст дыууæ сыгъзæрин æмæ фондз бронзæ майданы рамбулын.

Сыгъзæрин хæрзиуджытæй хорзæхджын систы: 92 кг онг уæзы хæцгæйæ, **Багаты Арслан**, 125 кг онг уæзы та 1-аг бынат æмæ сыгъзæрин майдан рамбулæг ссис **Бестауты Андрей.**

Сæ бацæттæгæнæг тренертæ сты **Наниты Зураб** æмæ **Хъоцыты Тамерлан**.

Ирыстойнаг богæлттæй 3-аг бынæттæ бацахстой: 65 кг – **Бæройты Батрадз,** 74 кг – **Челдыты Инал**, 79 кг – **Абайты Георги**, 86 кг – **Дзебысаты Давид,** 97 кг – **Дзæгъиаты Сослан**. Сæ тренертæ сты: **Дзодзыккаты Владимир, Кцойты Сослан, Санаты Георги, Хъалæгаты Олег,** Хъоцыты Тамерлан.

Фæсивæдон кары уæвæг богæлтты 'хсæн Уæрæсейы чемпионтæ систы: 57 кг – **Магомед-Салях Оздамиров** (Дагестан), 61 кг – **Виктор Яковлев** (Саха-Якути), 65 кг – **Эльдар Ахмадудинов** (Дагестан), 70 кг – **Магомед-Эми Эльтемиров** (Цæцæны Республикæ), 74 кг – **Магомед Байтукаев** (Цæцæны Республикæ), 79 кг – **Магомед Гамзатов** (Дагестан), 86 кг – **Арсен Балаян** (Калининград), 92 кг – **Мустафагаджи Малачдибиров** (Дагестан), 125 кг – Бестауты Андрей (РЦИ-Алани).

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Сечъынаты Ладемыры кадæн

# Курдиатджын фыссæг – цæстуарзон хистæр

**Ирон литературæйы историйы, куыд курдиатджын прозаик, лирикон, юмористон æмæ сатирикон уацмысты дæсны, зынгæ фæд ныууагъта фыссæг, журналист, публицист, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг СЕЧЪЫНАТЫ Дзæрæхы фырт Ладемыр. Ацы аз йæ райгуырдыл сæххæст 105 азы. Йæ царды фæндаг уыд зын, фæлæ лæгдзинад æмæ сфæлдыстадон æнтыстытæй аив.**

Фидæны курдиатджын фыссæг райгуырд 1921 азы, 20 апрелы Цæгат Ирыстоны Алагиры. Ахуыр кодта астæуккаг скъолайы æмæ уыцы-иу рæстæг каст автоскъолайы дæр. Дыууæ ахуыргæнæндоны дæр æнтыстджынæй 1939 азы йæ ахуыр кæронмæ ахæццæ кодта. Уыцы аз ма йæм фæсидтысты æфсадмæ дæр. Архайдта Фыдыбæстæйы Стыр æмæ Японимæ уæззау хæстыты. Æфсадæй куы суæгъд, уæд та дарддæр ахуыр кæнынмæ бацыд Мæскуыйы паддзахадон юридикон институтмæ, фæлæ, йе 'нæниздзинад кæй фæцудыдта, уымæ гæсгæ дзы кæронмæ нæ сахуыр кодта. Сыздæхт йæ райгуырæн Ирыстонмæ. Дыууæ азы бакуыста Алагиры Культурæйы хæдзары аивадон разамонæгæй, фæндæгты управленийы инженерæй, Æфсадæн, флотæн бархи ахъазгæнæг æппæтцæдисон æхсæнады Алагиры районы хайады ахуыргæнæгæй. Уыд районы газет «Сæуæхсид»-ы хайады сæргълæууæг. Иудадзыг дзы мыхуыр кодта йæ очерктæ, уацтæ æмæ радзырдтæ. Дыууæ азы бакуыста Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрады автоинспекторæй.



Зæрдиагæй æххуыс кодта æрыгон курдиатджын фæсивæдæн литературæйы хи фæндаг ссарынмæ. Мыхуыры сын уагъта се 'мдзæвгæтæ, очерктæ, радзырдтæ æмæ уацтæ.

Кæд йæ фæллойадон фæндаг æмæ профессионалон цæттæдзинад Ладемырæн зæрдæхсайгæ нæ уыдысты, цы бæрнон бынæтты куыста, уым йæхи фæзминагæй æвдыста, уæддæр йæ зæрдæ фылдæр дзырдта литературон сфæлдыстадимæ. Дыууæ азы дæргъы ахуыр кодта Мæскуыйы Горькийы номыл Литературон институты уæлдæр курсыты. Каст сæ куы фæци, уæд йæ зонд æмæ уды тыхтæ ратта сфæлдыстадон куыстæн. Уыд газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы литературон кусæг, журнал «Мах дуг»-ы хайады сæргълæууæг. Фыста уацаутæ, радзырдтæ, уацтæ æмæ очерктæ, фельетонтæ. Йæ уацмыстæ зæрдиагæй кастысты Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны чиныгкæсджыты алы кары фæлтæртæ. Йæ романты, уацауты, радзырдты, очеркты фыста Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъæбатырты лæгдзинадыл, тугуарæн зын азты æмæ сабыр дуджы цардаразджыты удуæлдай фæллой æмæ адæйаджы уды арфæйагдæр миниуджытыл, сылгоймаг æмæ нæлгоймаджы 'хсæн сыгъдæг æмæ фæзминаг ахастытыл. Йæ сатирикон, юмористон радзырдты, фельетонты та хурмæ хаста адæмы цард æнадгæнæг расыггæнджыты, магусаты, фæлитойты, йæ ныййарджыты æвæгæсæгæй чи ныууадзы, ахæм ницæйæгты митæ. Фыссæг йæ бирæвæрсыг сфæлдыстады йе 'ргом здæхта рæзгæ фæлтæрæн ирд фæлгонцтæй, зæрдæагайгæ архайдæй æххæст прозаикон уацмыстæ фыссынмæ дæр.

Ивгъуыд æнусы 60 азтæй фыссæгæн йæ уацмыстæ Цæгат Ирыстон æмæ Мæскуыйы цæуын райдыдтой хицæн чингутæй. Сæ зындгонддæртæ сты «Домбай æмæ Хъилхъус», «Уæлладжыраг хабæрттæ», «Уарзеты амонд», «Гæтæйы кæсæнцæстытæ», «Мадзура лæппу», «Тымыгъты райгуырдис ногæй», «Дзыццайы лæппу», «Батъарайы ком», «Артдзæст», «Дыккаг ном»...

Курдиатджын фыссæг, публицист, журналист, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг, цæстуарзон хистæр Сечъынаты Ладемыр йæ цардæй ахицæн 1985 азы 1 апрелы.

Æрæджы горæт Алагиры Барахъты Гинойы номыл библотекæйы уыд йæ райгуырды 105 азы кадæн номарæн изæр. Йæ саразынил бацархайдтой ацы чиныгдоны разамынд æмæ кусджытæ. Амыдта йæ æмæ фыссæджы цард æмæ сфæлдыстады мидисджындæр цауты тыххæй бæстон радзырдта библиотекæйы хайады сæргълæууæг **Лаурæ Касимова**. Ладемыры сфæлдыстадæн цы ахадындзинад ис абон æмæ йæ зæрдæйы цы бирæ хорз миниуджытæ уыд, уый ма сæ мидисджын раныхæсты фæнысан кодтой РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы правленийы сæрдар, литературæиртасæг **Хозиты Барис**, йæ хæдивæг, нæ республикæйы адæмон фыссæг **Цомартаты Изæтбег**, РЦИ-Аланийы архивон службæйы разамонæг **Хайманты Барис**, журнал «Мах дуг»-ы сæйраг редактор **Хетæгкаты Оксанæ**, Алагиры районы «Аланты ныхас»-ы сæрдар **Къаболаты Юри** æмæ ацы рæнхъыты автор.

Номарæн изæры сæ вокалон курдиат равдыстой хæдахуыр музыканттæ **Бидеты Валодя** æмæ **Айларты Дианæ.**

Библиотекæйы кусджытæ ма бацæттæ кодтой Сечъынаты Ладемыры цард æмæ бирæвæрсыг сфæлдыстадыл дзурæг æрмæджыты мидисджын равдыст дæр.

**ГАСАНТЫ Валери**

## Культурæ

# Æппæтдунеон проект «Хуссайраг столицæ»

**Уæрæсейы Хуссары райдыдта равдысты æппæтдунеон проект «Хуссайраг столицæ», йæ фæлгæты Дзæуджыхъæуы Нывгæнджыты цæдисы Равдыстыты залы байгом «Ирон чъиритæ æмæ донаг кæсаджы бас – аивадон æнкъарæнты диалог», зæгъгæ, равдыст. Экспозици иу кæны Ростовы облæсты, Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны дæсны нывгæнджыты сфæлдыстад. Йæ нысан у Уæрæсейы национ æмæ граждайнаг иудзинад фидар кæнын, адæмыхæттыты культурон бынтæ бахъахъхъæнын æмæ сæ парахат кæнын, æрбацæуæджытæм нæ истори æмæ культурæмæ цымыдисдзинад æвзæрын кæнын.**




Дыууæты национ хæдбардзинадыл сфæлдыстады аивадон хуызы фæлгонц куыд ахады, уый равдысты райхæлдта ирон æмæ донаг зæххы хъæздыгдзинад. Алы регион дæр æвæджиау кæй у, уый зыны нывгæнджыты куыстыты, æвдисы сæ уарзондзинад райгуырæн зæхмæ æмæ традицитæм, стæй сæ тырнындзинад аивадон экспериментмæ. Ирон нывгæнынад æнгом баст у хæхбæстимæ, национ мифологи æмæ фольклоримæ. Ирон нывгæнджыты куыстыты æвдыст цæуынц урссæр хæхтæ, сæ бынмæ – къаннæг хъæутæ, мифологон æмæ нæртон сюжеттæ, героикон эпос æмæ таурæгъон фыдæлты сурæттæ, адæмы дунеæмбарынад æвдисæг орнаменттæ æмæ символтæ. Ирон чъиритæ канд хæринаг не сты, фæлæ культурæйы символ æмæ ирон адæмы монон хæзнатæ. Сæ нысаниуæг – уазæгуарзондзинад, бинонтæ æмæ мыггаджы иудзинад, стæй фæлтæрты монон бастдзинад.

– Арф хъуыды, хатдзæг скæнынмæ тырнындзинад, пластикон æвзаджы цыбыр, æнгасджын ирд аивадон мадзал – æппæт уыцы миниуджытæ ирон нывгæнынады аивадæн æрхастой стыр кад, аргъ ын скодтой, – равдыстмæ йæ цæстæнгас, – зæгъы республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг **Наталья Куличенко**.

Донаг зæхх рагæй дæр хъуыстгонд у йæ æнæкæрон быдыртæ, цæугæдон Дон æмæ арф хъазахъхъаг истори æмæ хуссайраг хурæй. Донаг нывгæнджыты куыстытæ – уæрæх пейзажтæ æнæкæрон бæрзонд арвимæ, быдираг нывтæ цæугæдæттæ, къуыбыртæ æмæ хуторимæ. Уыдон сты, парахат æмæ сæрибардзинад, хъазахъхъæгты æрвылбоны цард æмæ архитектурæ æвдисæг нывтæ, стæй сæ зæхх цы лæвæрттæ дæтты, уыдонимæ натюрморттæ. Ростоваг аивадиртасæг **Татьяна Неклюдовайы** ныхæстæм гæсгæ, «Донская уха»-йы экспозици канд географион бынатыл дзурæг нæу, фæлæ йын ис философон хъуыды дæр. Донаг нывгæнджыты уацмысты уый свæййы фидыцы символ æмæ адæймаджы мидæнцойад.

– Ростовы облæст уæрæсейаг культурæйы картæйыл баззад ахсджиаг бынатæй æмæ йын ахæм равдыстытæ, куыд хъæздыг сфæлдыстадон цардимæ 'мæ активон аивадон æхсæнадимæ бынат, йе статус фидар кæнынц, – равдысты ахадындзинадыл дзуры аивадиртасæг. Уæвгæ та дзы архайы профессионалон нывгæнджыты алыхуызон жанрты 150 куысты: нывкæнынад, графикæ, декоративон æмæ къухтæй конд аивад, стæй скульптурæ. Алы уацмысæн дæр ис йæхи æвæджиау тых, кæцы æрбацæуæджы ахæссы алыхуызон æнкъарæнты дунемæ: автортæ сæ куыстыты бахъахъхъæдтой классикон жанртæм иузæрдиондзинад, уыцы-иу рæстæг дзаг сты ныръккон æнкъарындзинад æмæ авторы цæстæнгасæй.

Дзæуджыхъæуы равдыст байгом абон, ахæсдзæн 29 маймæ. Ростовы та – 29 майы, «Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдис»-ы Ростоваг хайады Равдыстыты залы. Экспозицийы æвдыст цæудзысты Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны нывгæнджыты куыстытæ, равдыст ахæсдзæн 25 июнмæ. Йæ куратортæ сты Цæгат Ирыстон æмæ Ростовы Нывгæнджыты цæдисы сæрдартæ, Уæрæсейы сгуыхт нывгæнджытæ **Мæргъиты Таймураз** æмæ **Олег Игнатов.**

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Оказываю услуги электрика качественно, надежно.
Все виды работ с гарантией.
Выезд и консультация бесплатно.
Тел.: 8-918-702-00-82
(Казбек).**

Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн – **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ .**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2753. Заказ № 463. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**